bu sa làmmiñ deñ di tooy ci tudd Yàlla

Jële nañu ci Abdulla ibn Busrin yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: jenn waay dafa ñëw ci Yonnente bi, ne ko: yaw Yonnente Yàlla bi! Yi lislaam santaane dafa bari ci nun, ndax am na bunt bu dajale bu nu man a jàpp? Mu wax ne: "bu sa làmmiñ deñ di tooy ci tudd Yàlla". Ñëw na ci beneen nettali: ci Hadiisu Muhaas ibn Jabal yal na ko Yàlla dollee gërëm: bi ma mujjee teqalikoo ak Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc dama ne ko: yan jëf moo gën te gën a jege Yàlla? Mu ne: "nga faatu fekk sa làmmiñ moo ngi tooy ci tudd Yàlla mu màgg mi".

[Wér na] [رواه أحمد والترمذي وابن ماجه وابن حبان]

Jenn waay dafa jàmbat Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc ci ne naafila yi dafa bari ci moom ba tax mu lott ci ngir néew kàttanam, mu laaj Yonnente bi ngir mu tegtal ko jëf ju néew juy indi yool yu bari ngir mu jàpp ci. Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc tektal ko ci muy Sax di tooyal làmmiñam ci tudd Yàlla ci bépp jamono ak ci gépp anam; ci sàbbaal ak sant ak jéggalu ak ñaan ak yu ko niru.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/66541